

**KI MOUN'N NOU YE**

## **KONSÈY POU RIVE DIMINYE RISK LANMÔ SIBIT KI KA RIVE YON TI BEBE.**

**Konsèy pou rive diminye risk lanmô sibat ki ka tye ti bebe, se yon pwogram “Solisyon pou Sante Piblik” kap chèche elimine pwoblèm lanmô sibat kap tye anpil ti bebe anbazaj, mwens ke twa zan, nan Nouyôk la (New York City)**

Pwogram sa-a sèvi ak tout kalite expè nan santé piblik, edikatè, sèvis sosyal, lidè kominotè ak anpil moun nan popilasyon an, pou gaye, pase enfòmasyon apwopo risk, e sitou sak ka lakôz lanmô sibat ti moun piti.

Nou fè de kalite seminè pou fôme animatè pou pase enfòmasyon. Sak bon ankô, nou bay konsèy sou kôman pou ede fanmi ti bebe ki pèdi lavi nan fason sa-a, sipôte moman lapen-n sa yo. Nou ankouraje fôme gwoup volontè pou sipôte fanmi defen yo.

Nou travay ansan-m ak espesyalis, profesyonèl ak anpil moun nan kominote a, pou mete anpil moun okouran de danje sa-a. Nou etabli pwogram edikasyon, ak seminè pou rive fè anpil moun nan popilasyon an, kon-nen sa SIDS la ye (de kalite lanmô sibat ki touye ti bebe anbazaj jous rive twa zan) montre jan pou mete ti bebe dâmi pou diminye risk kalite lanmô sibat sa yo

## **Ekip la**

Claire Thérroux Oliver, MPA (Mastè nan Piblik Administrasyon) Claire Thérroux Oliver se Vis-Prezidan Pwogram Sante Piblik andedan Solisyon pou Sante Piblik organizasyon. Mis Theroux Olivier se managè an chèf anpil lòt pwogram ki koute prèske 40 milyon dola

### **Claire Thérroux Oliver, MPA**

Mis Theroux Olivier vin travay pou Solisyon pou Sante Piblik an 1976 apre anpil tan nan Biwo Depatman La Sante ap kontwole pwogram mediked. Li gen anpil experyans nan devlope ak kontwole pwogram lasante ak byenèt sosyal, espesyalman sak konsène mou-n nouris ak ti bebe ki fèk fèt. Detwa nan pwogram Mis Theroux Olivier te sipevize andedan Solisyon Sante Piblik se: Pwogram WIC (ki se coupon achte manje pou manman ki fèk akouche ak ti bebe ki fèk fèt) - Sant pou okipe de tibebe ki fèk fèt- Laboratwa pou fè tès moun ansent- Program pou analize santé ti bebe- Pwogram pou koòdone sèvis rapid pou ti bebe- Pwogram pou enskri ti bebe pou asirans santé epi pwogram sa-a (SIDS): Pwogram pou bay konsèy epitou diminye risk lanmò sibat kay ti bebe piti.

Mis Theroux Olivier gradye nan Huntè Kolèj anvan li pran mastè pou Piblik Administrasyon nan NouYòk Inivèrsite

### **Peggy Regensburg, PhD**

Peggy Regensburg, Doktè Filozofi, (PhD) se Manajè Pwogram “Konsey pou redwi risk lanmo sibat ti bebe” (SIDS). Sonje se yon pwogram tèt ansan-m Solisyon pou Sante piblik nan NouYòk Siti ak Biwo Leta NouYòk nan lavil NouYòk Siti, pou okipe zafè lanmò sibat ti bebe. Pwogram SIDS la bay enfòmasyon epitou fòm pwofesyonel espesyalis ak noun nan piblik la, sou ki pi bon jan pou mete ti bebe kouche dòmi, pou evite pwoblèm lanmò sibat la. Pwogram nan bay sipò, konsolasyon ak ankadreman pou ede fanmi victim yo pandan moman lapen sa-a.

### **Peggy Regensburg, PhD**

Doktè Peggy Regensburg, chaje ak experyans nan bay konsèy ak edikasyon. Anvan li vini travay nan Solisyon pou Sante Piblik an 2007, li te travay kòm sosyal wòkè medikal ki pou konsole bay sipò pou manman ki fè fos kouch, oubyen ki pèdi pitit la pandan lap pouse li. An 2001 li te travay nan St Jozèf Kolèj kòm pwofesè ap montre etidyan kap apran administrasyon la sante ansan-m ak sante kominotè kòman pou fe resech.

Anvan sa ant lane 1988 rive an 2001, Doktè Regensburg tap pran experyans nan trete moun ki gen pwoblèm adiksyon tafya dròg. Li te travay nan anpil sant tretman ap bay konsèy, fè edikasyon pou moun sa yo. Li gen diplòm ofisyèl “Biwo pou asiste moun kap abize alkòl ak dròg nan Nou Yòk Siti. Lèl te gen klinik pal li, nan lane 1992 jouska 1999, Doktè Regensburg te ranmase anpil experyans ap sipòte, konsole moun ak fanmi ki gen moun mouri.

Doktè Regensburg gen diplòm philozof nan byenèt sosyal an 2007. Li te pran mastè sosyal wokè nan Stony Brook apre li te pase bachelò degre (B.A) nan Ampayè Stet Kolèj. Li kalifye kòm CASAC spesyalis (CASAC se yon tèt ansanm anpil organizasyon leta ak prive kap devlope teknik ak edikasyon pou rive elimine adiksyon alkòl ak dròg nan popilasyon an) Ankò tou, Doktè Regensburg se manm komite pou analize lanmò ti moun piti nan depatman la sant NouYòk siti. Li se manm asosyasyon pou zafe lanmo ti moun piti ak program SIDS la.

# **PWOGRAM**

## **DIMINYE RISK LANMÒ SIBIT TI BEBE, EPI BAY KONSÈY: EDE FANMI SIPÒTE LAPEN LANMO SA-A.**

Lanmò yon ti bebe se yon terib sityasyon. Sa kite paran yo, dezakse, ak yon santiman dekourajman, santi yo antò, tankou se yo ki ta lakòz sa rive. Yo pa gen pèsan pou ede yo nan moman sa-a, yo fache ak tèt yo. Defwa yo pa kon-n sa pou yo fè, ak ki moun pou pale ki ta kapab konsole yo. Yo fè tankou se yo sèlman ki nan sityasyon konsa, pèsan-n paka konpran sa yap soufri. Se akòz rezon sa-a depi 32 zan Solisyon pou santé Piblik mete pwogram sa-a sou pye pou ede paran ak fanmi ki pèdi pitit nan lanmò brid soukou sanzatan-n konsa, pase kap sa-a avèk konsèy konsolasyon. Pwogram sa-a jwen-n ankadreman, èd nan men Leta Nou Yòk sou kesyon lanmò sibit ti bebe, pa lantremiz fondasyon kap fè rechèch nan Univèsite leta Nou Yòk.

Malgre o komansman otorite ki te etabli pwogram konsolasyon akòz lanmò sibit san zatan-n sa-a pou manman ak papa ti moun anbazaj sa-a sèlman, ofu amezi, nou blije konsidere lòt man-n fanmi tankou: gran-n, matant, tonton, frè, sè, ki afekte pran lapen-n, bezwen konsolasyon, akòz kalite lanmò san zatan-n sa-a tou.

Man-m ekip pwogram SIDS sa ap travay tèt a tèt ak Biwo Chèf Medikal Examinatè pou la vil Nou Yòk. (Biwo Chef Medical Examinatè sa-a (OCME) se biwo ki okipe chèche konen kijan, ak sa ki lakòz lanmò tout moun isit nan NouYòk la. Depi yon moun mouri, medical examinatè-a fèt pou chèche kon-nen sak ki lakòz moun nan mouri. Chak jou man-m ekip SIDS la chèke rejis tout moun ki mouri pou detekte lanmò ti bebe ki fèk fèt rive twa zan daj. Lè sa-a ekip SIDS la antre an kontak ak fanmi an, nan distans 3 ou 4 jou apre pou bay konsolasyon rekonfòte fanmi an, ede pase moman difisil sa-a. Ke seswa pa telefòn, dokiman pou yo li, visit, reyinyon ak gwoup ki nan menm sityasyon sa-a, yo itilize tout mwayen pou ede fanmi an nan moman sa-a. Gen men-m teknisyen ki pale tout lang pou pran kontak dirèk ak ou. Pwogram nan men-m ede fanmi an nan depans antèman. Depi lè yo detekte lanmò a, nan regis la jouskaske yo jwen kòz lanmò a, eqip SIDS la kole nan kò medikal examinatè a pou enfòmè paran yo de tout detay.

Fanmi ki fè fos kouch oubyen ki gen ti bebe a mouri nan vant yo pandan dènye semèn gwochè la resevwa sipò nan men ekip SIDS la tou depi nou detekte sa nan rejis medikal examinatè-a. Men-m si nou pa visite oubyen telefòn, nou voye dokiman enfòmasyon sou kòman pou pase moman difisil sa-a, avèk lis horè reyinyon gwoup sipò si yo vle patisipe. Gen anpil nan yo ki repon-n envitasyon sa yo, rive patisipe nan konsèy ak sipò gwoup yo.

Men-m si lanmò sibit tiye timoun toutkalite fason, lapèn paran, jan yo soufri, chèche konsolasyon ak sipò toujou rete men-m jan' Pou enfòmasyon, reyinyon, semèn ak sipò SIDS kap ba ou, Kontakte nou nan: 212-447 2328 osinon i-mèl Doktè Peggy Regensburg ki se manajè pwogram nan, nan [Pregensburd@healthsolutions.org](mailto:Pregensburd@healthsolutions.org).

**HORÈ**

## **Gwoup Reyinyon Pou sipòte yon-lòt**

POU MOUN KI FÈK PÈDI TI BEBE

Gen reyinyon chak dezièm Madi chak mwa-a

Size rive Setè diswa (6:00 PM pou 7:00 PM)

520 Premye Aveni (Zòn 30 tièm Ri)

Chan-m 106

Manatan-n, Nou Yòk 10016

Ou ka rive byen fasil si ou pran tren 6.

Desan-n nan 28 tièm epi mache rive nan 30 tièm

**SOU KOZE LANMÒ TI MOUN**

## **LANMÒ SIBIT, SANZATAN TI BEBE**

Depi dik dantan jous rive nan kòmansman lane 1900 yo konsa, tout moun te toujou kwè se maladi yo pa gen tan detekte, se kouvri ti moun nan twòp, oubye se toufe li toufe nan mete dòmi mal, ki lakòz lanmò yon ti bebe anbazaj. Sipètasyon tou kòm kwa se lougawou, vwazin nan katye a, raysisans, jalouzi tout sa yo kon-n parèt kòm explikasyon lanmò sa yo. Dèfwatou paske ti bebe sa yo kon-n dòmi ak granmoun moun yo kon-n panse si granmoun nan vire sou li, oubyen bebe a roule anbavant granmoun-nan, sa ka rive.

Nan tan lontan lè te kon gen epidemi tankou lèp, lawoujòl, diyare, koklich lafièv jòn, lè ti bebe mouri, paran yo fasil pou konpran ke bebe sa pa gen anpil resistans pou konbat epidemi sa yo. Gen peyi men-n, yo kon-n pran anpil mwa anvan yo bay pitit la non, tankou sil pa gentan mouri nan premye ane lavi li.

Men konlyè-a, otopsy sou moun ki fèk mouri ede otorite nan lasante jwen-n explikasyon sou saki lakòz anpil lanmò konsa yo ka bay enfòmasyon pou evite danje. Akoz enpòtans ak sèvis otopsy, preske tout kote isit OzetaZini fè otopsy ti bebe ki mouri mòsibit pou wè si yo ka jwen explikasyon sak lakòz fenomèn sa-a

Otopsy ede anpil moun konpran fenomèn SIDS la (lanmò sibit san zatan ti tiye ti moun piti jouska 3 zan daj) Anvan pawòl otopsy a depi yon doktè pat ka konpran sak ta kap tiye yon timoun anbazaj, yo te kon di se nemony kòm kwa (refwadisman) kit ta ka sèl koz ki ka tiye ti moun nan, sibit sanzatan konsa-a.

Men, avèk pwogrè lasyans medikal ap fè, sitou nan domèn ti moun piti, yo vin-n konpran ke, jan de explikasyon sa yo pa sifi, pou explike lanmò sibit sa yo, ki kon-n rive pafwa men-m lè ti bebe-a an sante, pa soufri oken-n feblès ditou. Se sak fè tout moun kap fè rechèch sa yo, rele fenomèn lanmò sibit sanzatan sa (SIDS) Fenomèn lanmò sibit sanzatan ki tiye ti bebe fèk fèt jous rive twa zan). Rechèch kontinye ap fèt pou jwen explikasyon, men antretan pwogrè nan lamedsin demanti tout rezon moun kon-n ap bay, jan nou te explike ou yo.

**SA POU OU FÈ NAN  
SITYASYON LAPEN-N SA-A**

## LÈ YON BEBE MOURI NAN VANT OU PANDAN DENYÈ MWA GROSÈS LA OUBYEN MOURI LÈ WAP AKOUCHE

Pa gen pi gwo lapen pase sa lè you moun gen yon ti bebe mouri

Lè yon bebe mouri nan vant anvan-l fèt, oubyen, pandan lap soti, se yon gwo desepsyon, yon bagay terib. Ou pèdi pitit ou

Defwa moun kon-n panse le yon bebe mouri nan vant anvan li fet se pa si men-m chagren tankou sil mouri apre li fin-n fet. Se pa vre ditou. Sa yo pa kon-nen, depi anvan li soti deyo, bebe a vivan nan vant manman li.

- Ou te gen tan abitye ak bebe-a pandan tout nef mwa li fe nan vant ou-a
- Ou te gen tan chwazi non pou bebe-a ou kon-n pale avek li karese li le wap karese vant ou
- Ou kon- pran swen bebe-a chak jou pandan gwovant la
- Prepare ou pou moman ou pral gen tranche
- Ou se manman e wap toujou manman bebe sa-a

Konlyè –a la-a ou se yon paran ti nan la pen paske ou pèdi pitit ou

Ou ka santi ou

- Tris
- Vid
- Ou pa santi kò ou
- San konsolasyon
- Ou pa kon-n sa pou ou fè
- Wap blame tèt ou
- Ou santi ou an to
- San sekou
- Santi ou sèl san konpanyon
- Tankou moun ki abandone
- Tankou moun ki fè depresyon
- Moun ki gen laperèz

Si-ou byen gade lè ou pale de lapen-n ou, se pou ou ka geri. Pou jwen konsolasyon, li bon pou pale de sa kap fè ou mal. Sa ede paran pase kap sa-a. Ou pèdi yon ti moun e ou pap janm ka viv avèk li ankò. Men wap toujou rete yon paran.

Ou ka ede tèt ou pase lapèn-n nan pou kont ou lè ou:

- Pale jan ou santi ou
- Pale ak lòt moun de sa ou pèdi
- Rakonte istwa lavi ansan-m ak lanmò ti bebe ou fèk pèdi a ak lòt moun
- Toujou panse ak tout zanmi ak fanmi ou
- Esaye li anpil sou ki jan moun pase lapen
- Eseye pale ak lòt pitit ou yo, apwopo lanmò ti bebe-a
- Patisipe nan reyinyon yo fè pou paran ki nan men-m sityasyon ak ou
- Pran swen, okipe tèt ou byen
- Panse ak tout kalite jan pou sonje bebe sa-a ou fèk pèdi a
- Chèche fè yon album oubyen yon bwat sekre kote ou sere tout souv-ni pitit sa-a
- Kite tout moun kon-nen ou se yon paran ki fèk pèdi yon ti bebe
- Toujou konte ti bebe sa-a lè wap pale de kantite pitit ou fè
- Di tout moun sa ki ede ou oubyen sa ki pa ede ou pase lapen-n nan,
- Pran Kontak ak moun de konfyans nan zòn ou rete-a

- Chèche nan zòn ou rete-a biwo ki bay konsèy pou moun ki nan men-m kalite lapen-n ak ou

Se pa ou sèlman ki nan lapen-n sa-a. Gen anpil lòt moun ki konpran-n sa wap pase epi ki vle ede ou. Men-m si ou pèdi li, bebe sa-a ap toujou nan fanmi an. Nou fèk montre ou anpil fason ou ka viv epi elimine lapen-n pèdi pitit sa-a. Tout fason sa yo ak toujou kite ti bebe sa-a nan yon bon kote nan kè ou. Pran swen tèt ou, Demontre la pen-n sa-a se yon bon fason pou ou sonje ti bebe ou la.

Pou plis enfòmasyon, telefone nou nan 212 447-2328, osinon i-mèl [pregensburg@healthsolutions.org](mailto:pregensburg@healthsolutions.org) . SIDS gen liv, enfòmasyon pou ou, ak tout fanmi ou. SIDS ofri reyinyon sipò, pou paran ki pèdi pitit nan lanmò sanzatan lanmò sibit, defwa pa mwa. SIDS gen konseye ki pale tout lang, pou rele ou nan telefòn, ede ou jwen tout sèvis ou ka bezwen nan sityasyon ou ye ya. Yo men-m ka envite ou nan biwo yo, si ou taka bezwen pale fas a fas ak yon nan konseye ti pale men-m lang avèk ou.

**ISTWA SIDS**

## **ISTWA SIDS**

Se pandan yon 2 zyèm konferans entènasyonal ki tap fèt Siatol nan Washington Stet isit Ozetazini, expe nan la syans medical to rasanble sou non SIDS tout kalite koz fenomèn inexplikab ki ka vini nan tèt ou lè yon ti bebe mwens ke 1 nan tonbe mouri san malad. Jiska jounen jodi-a expè ak fè rechèch nan plizyè ras nan lemond pou ka we si fenomen san explikasyon sa yo rive yon kote plis pase yon lòt. Anpil rechèch sa yo ale jiska etidye sevèl ti defen sa yo apre otopsi pou wè si yo taka jwen-n yon diferans ant sevèl ti bebe ka mouri sibat san malad konsa avèk lòt sa ki mouri de malady yo kon-nen.

Ki sa ki SIDS la? Se “lanmo sibat sanzatan-n ki tiye ti bebe mwens ke 1nan, pèsan poko ka explike kòman sa fè rive, malgre enkèt otopsy enspeksyon kay kote sa rive-a oubyen dosye medikal fanmi ak bebe-a limen-m. (Willinger et al., 1991)

An 1974 Kongrè Ozetazini pase lwa Nasyonal SIDS ki

Òdone chak stet nan peyi-a kreye SIDS program pou

- Bay enfòmasyon ak sipò pou fanmi ki pèdi ti bebe nan lanmò brid sou kou sanzatan sa-a
- Fè edikasyon teknisyen nan emèjensyè depatman plizyè kote nan peyi a, sou fenomèn SIDS sa-a.

### **Nan tout stet (leta) NouYòk la**

- An 1976 Depatman La Sante Depatman Edikasyon ak Welfè peyi Etazini bay Solisyon Sante Piblik nan NouYòk lajan pou SIDS pwogram nan
- An 1977 Depatman la Sante NouYòk Stet aksepte SIDS pwogram nan Solisyon pou Sante Piblik pou bay enfòmasyon ak konsèy nan tout NouYòk stet la apwopo lanmò sibat ti bebe.

### **Jefò pou Redwi risk**

- Nan kòmansman lane 90 yo, Asosyasyon Doktè ti moun piti (Pedyat yo) te identifiye mete bebe kouche sou fas kòm youn-n nan koz lanmò sibat sa yo (SIDS).
- An 1992, Men-m Asosyasyon Pedyat sa a rekòmande pou mete bebe kouche sou do oubyen sou kote pou evite koze SIDS la
- An 1994 – òganization Nasyonal sou Lasante ak Devlopman ti bebe, lanse koken-n pwogram pou mete bebe kouche sou do.
- An 1996, Asosyasyon Pedyat yo fè kon-nen mete bebe kouche sou do se pi bon mwayen pou evite SIDS.

**SA KI VRE -- SA KI PA VRE**

## SA SIDS YE

Dapre definisyon Willinger bay an Se "lanmè sibat sanzatan-n ki tiye ti bebe mwens ke 1 nan, pèsan poko ka explike kòman sa fè rive, malgre enkèt otopsy enspeksyon kay kote sa rive-a oubyen dosye medikal fanmi ak bebe-a limen-m. (Willinger et al., 1991)

SE VRE SIDS SE::	SE PA VRE:
<p>Se pi gwo lakòz lanmò sibat sanzatan ki tye ti bebe soti yon mwa rive 1 nan daj. Anpil nan lanmò sa yo rive ant 2 mwa rive 4 mwa daj.</p>	<p>Ou paka ka evite SIDS la, men ouka diminye risk SIDS sa-a si ou</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Si ou mete ti bebe-a kouche sou do poul domi</li> <li>• Si bèso a pa two chaje osinon matla pa twò mou</li> <li>• Veye pou moun pa fimèn two pre bebe-a</li> <li>• Veye pou bebe-a pa twò cho</li> </ul>
<p>Sibat epi san fè bri — bebe-a parèt byen an sante</p>	<p>Bebe a manke okipe oubyen maltrete</p>
<p>Jan de lanmò sa-a toujou rive pandan ti moun nan ap dòmi. Pa gen oken sign bebe-a te soufri.</p>	<p>Bebe a toufe pandan lap vomi oubyen akòz grip kap fèl touse.</p>
<p>Se yon fenomèn doktè rekonèt ap fè rechèch sou li</p>	<p>Yon lòt mou ka ba ou.</p>
<p>Se yon fenomèn espesyalis deside jous apre otopsy kadav la, enspeksyon chan-m ak kay kote sa rive a, analiz dosye medical bebe-a ak tout moun nan fanmi.</p>	<p>Sa rive akòz vaksen</p>
<p>Fenomèn inexplikab jiska prezan.</p>	<p>Se pa etoufman</p>
<p>Se lanmò yon ti bebe peson poko ka explike, ki bay paran anpil lapen ak reflexyon.</p>	<p>Se pa sèl koz tout lòt lanmò moun paka konpran-n</p>

**De Kalite Kesyon  
Moun ap Poze Tout Tan**

## Paran Fanmi

Ki sa mwen taka fè pou evite kalite lanmò sa, pwoteje bebe pitit mwen de lanmò sibit sanzatan-n sa?

Malerezman pa gen an-yen posib pou evite Jan de lanmò sa yo. Men, gen de prekosyon ou ka pran pou redwi risk.

Ki sa mwen ka fè?

- Mete bebe ou dòmi sou do pito
- Kite ti bebe, piti yo dòmi nan men-m chan-m ak gran moun. Sèlman mete yo sou kaban-n pa yo. Kaban-n gran moun pa fin-n twò bon pou ti bebe dòmi
- Pa kite jwèt, zòrye, ak lòt dra, nan bèso-a lè pou bebe-a dòmi.

Pito ou sèvi ak sak de couchaj olye de dra osinon konfòtè, pou bebe a pa santi frèt, epitou abiye bebe a korèk tou depan de tanperati a.

Fè tout sak posib pou pa jan-m fimen sigarèt, epi pa kite bebe-a alantou moun kap fimen.

Èske mete bebe dòmi sou do ap diminye risk SIDS yo?

Men sak rive!! Lè bebe-a couche sou vant lap difisil poul leve tèt li poul respire. Se sak fè lè ou metel kouche sou do, sa edel respire pi byen san fè two gwo jefò.

Mwen fèk pèdi pitit mwen Ti pitit mwen an fèk mouri

Premyèman nou voye ba ou enfòmasyon ak dokiman pou explike ou koze lanmò sibit la, lapen kap ravaje ou kòman pou sipòte lanmò sa-a epitou ki jan nou ka ede ou. Tou sa gratis, lòt moun pa bezwen kon-nen. 2 ou 3 jou apre, nou ap telefone ou mande ou kòman sa ye, epitou envite ou vini nan biwo nou pou pale, fè konferans ak ou men-m sèlman oubyen an gwoup.

Konbyem sa ap koute?

Ou pa bezwen okipe ou de lajan, Tout sèvis nou gratis.

E sim' pa pale angle?

Nou gen anplwaye ki pale tout lang wap jwen nan NouYòk la. Nou gen moun ki pale lang ou nan mitan anplwaye nou yo.

Ki lè epi ki jou sipòt gwoup sa yo ap fèt?

Nou gen miting 2 fwa pa mwa. Rele nan nimewo (212) 447-2328 oubyen cheke la-a [current schedule](#) pou wè orè miting yo

Eske tout moun kap reyini yo soufri de SIDS la?

Gwoup nou fè reyinyon rasanble tout moun ki viktim de lanmò sibat sanzatan ki pran ti bebe piti jous rive 3 zan daj

Eske lòt pitit mwen, lòt moun nan fanmi oubyen zanmi

Natirèlman tout moun ki te kon-nen, abitye ak bebe-a ki chagren anpil de sityasyon lanmo bridsoukousa-a ka patisipe nan reyinyon konsolasyon sa yo.

Mari mwen, pap pitit-la vle vini nan reyinyon sa-a tou, men li jen-nen pale de sa lap souffri devan lot moun. Eske li ka jwen èd malgre sa ..

Men wi. Li ka vini avèk ou nan reyinyon espesyal pou mesye ak madan-m ansan-m. nou fè nan Biro ,ou, Rele pran randevou, nap fè sa pou ou.

Ki bo Biwo SIDS la ye?

Biwo prensipal nou nan Gwo Blding Examinatè Medical la ki nan 520 Premye Aveni kafou 30tièm Manatan sou kote lopital Inivèsite NouYòk manatan-n. Checke la-a (nan entènèt la) pou wè ki jan pou ale la. Nou men-m peye transpòtasyon pou ou.

Si-m bezwen pliske konsèy, Eske ou ka ede-m tou?

Jan nou di ou, teknisyen espesyalis kap travay nan biwo a, ap ba-ou chemen ( woye ou ) kote pou jwen èd ak konsèy sou kijan pou sipòte doulè sa-a, èd doktè, ak asistans piblik pou ede ou.

## **Kesyon Teknisyen AK Pwofesyonèl toujou AP poze.**

Ki sèvis pwogram SIDS la mete pou ede pwofesyonèl ak moun nan kominote-a?

Nou fè pwogram edikasyon gratis sou:

- Koman pou rive diminye risk lanmò sibat sanzatan ti moun piti.
- Mwayen san danje pou mete ti bebe dòmi
- Kòman pou pase lapen chagren apre ou fin-n pedi bebe-ou sanzatan sibatman.
- Kesyon sakaje bebe ki defwa lakoz li mouri
- Seminè pou entrene teknisyen pou al fe seminè ak lòt moun (TOT)

**Nou men-m ka vinin fè pwogram nan sant, oubyen biwo pa ou.** Nou toujou disponib pou kontinye fòme teknisyen ak man-m kominote-a sou ki jan de konsolasyon ak konsèy fanmi ki fèk pèdi ti bebe nan lanmò sibat sa ap bezwen. Nou dirije yo tou nan kote ki bay sèvis yap ka bezwen,

Ekip kap travay ak nou yo toujou òganize fòmasyon / trening pou volontè ki dispose bay sipò ede fanmi ki fèk tonbe nan sityasyon pèdi pitit sanzatan lanmo sibat sa-a.

## Sa mo yo vle di.

### Otopsi

Yo rele to examen apre lanmò, se lè espesyalis ouvè kadav moun ki fèk mouri pou chèche sak ki lakoz lanmò li. Defwa se pou wè juski degre maladi li te soufri a rive, si tretman te bon, oubyen pat bon. An general otopsy fèt tou pou ansegne moun kap etidye pou rive dokte yo, epitou pou fè rechèch. Se teknisyen ki etidye maladi, ak dokte espesyalis pou detekte maladi ak tretman, ki fe jan de aktivite sa-a konsa yo etidye likid nan kadav la ak pati nan kò a ki ka. Mo otopsy sa-a soti jis nan la Gres antik e li signifi : Wè ak de gren-n je ou » (Dapre MedecineNet.com nou jwen 22 Aout 2008 nan entenet <http://www.medecinenet>).

### An Dèy

An dèy: peryòd lapen chagren rès fanmi-an ap travèse lè man-m fanmi-an mouri. (Dapre worldNet.com entènèt wèbsayt: <http://dictionary.reference.com/browse/bereavement>)

### Koz Lanmò

Maladi, sa ki vreman lakoz moun nan pedi lavi-li “ malady ke se sa kit ye plis moun isit OzetaZini. (Dapre WorldNet 3.0 Nou jwen 18 awout 2008 nan Dictionary.com websayt: <http://dictionary.reference.com/browse/cause of death>).

### Ofisye Deta Sivil:

Otorite leta bay dwa pou fè pwose vèbal, chèche kon-nen lakoz tout lanmò isit sitou si sa rive sanzatan, bridsoukou sibatman. (Dapre WorldNet 3.0 Nou jwen 18 awout 2008 nan Dictionary.com websayt: <http://dictionary.reference.com/browse/coroner>)

### Examinatè Medikal:

Doktè ofisyèlman responsab pou detekte koz lanmò, espesyalman jan de lanmò ki pa natirèl. (Dapre Diksyonè Medikal Lang Angle Nou jwen 18 awout 2008 nan Dictionary.com websayt: <http://dictionary.reference.com/browse//medical examiner>)

### Detektif Medikal:

Otorite kap travay sou lòd Examinatè Medikal pou enspekte kote lanmò a rive a, pran foto, chèche pwoteje tout evidans ak prèv, kesyone moun. Se li tou ki pou bay lòd pou leve kadav la pote li nan mòg oubyen kelkeswa kote yo Medikal Examinatè –a bezwen pou kontinye fè travay sou kadav la. Detektif Medikal la fèt pou prepare rapò sou situasyon an tou. (Dapre sa ki nan websayit Oranj Konti la: <http://www.orangecountyfl.net/cms/DEPT/hfs/healthservices/me/positions/minvestigator.htm>)

### Toufe

KomKwa sifoke (tankou lè yon gran moun vire sou yon ti bebe anpeche-l respire , toufe li (a Daprediksyone eritaj ameriken pou lang angle nou jwen nan dicsyone websayit la: <http://dictionary.reference.com/browse/overlay>)

### Pozisyon Pèdi Konesans:

Se de pozisyon ou kouche oubyen kanpe ki anpeche ou respire byen epi ki ka lakoz ou pedi konesans, Jan nou we nan websayit pou diksyone gratis : <http://encyclopedia.thefreedictionary.com/Positional+asphyxiation>

### Fenomèn Sakaje Ti Bebe (SBS):

Domaj sitou nan tèt nan sèvo bebe ka soufri si ou sakaje li fò ak raj. Sa kon domaje ti bebe-a anpil fwa lakoz li mouri. Otorite OzetaZini konsidere sa kòm pi gwo pwoblèm maltretman ti moun (Chayil abyouz).

Fenomen sakaje ti bebe sa-a danjere anpil sitou le bebe-a gen 2ou 3 mwa daj. Ou Konnen bebe-a pa ka pale. Gen anpil sign ki pemet lot moun we si bebe-a sakaje. Je li tou wouj komkwa san paret nan je li, sevo li ki poko fin solid souke vini anfle ti zo kot li kase tout sa montre ke bebe sa te sakaje.

Depi sa rive, bebe-a pap viv. Sèvèl li andomaje, je li plen san, epi ankò, men-m sil gen chans viv, lap toujou gen pwoblèm sèvo tout rès vi li.

Gen men-n fenomèn Sakaje-a tou pou gran moun, nan ka domestik vyolans, kòm kwa lè moun yo ap viv ansan-m, yon-n ap bat, maltrete lòt. Nan ka sa-yo, espesyalis kon-n wè san parèt anba nan blan je moun yo maltrete, bat la, san kaye nan sèvo li, sèvo li anfle kòm ki dire, men-m kalite sentòm yo kon-n konstate lè ti bebe soufri sentòm sakaje maltrete –a. Nou jwen-n definisyon sa nan (MedicineNet.com <http://www.medterms.com/script/main/art.asp?articlekey=15062>)

### **SIDS/Fenomèn lanmò sibat sanzatan-n ti moun:**

Lanmò bridsoukou tip ran ti bebe fèk fèt jis rive 6 mwa san malad leplisouvan pandan yap dòmi. Sanble gen kategori moun ki gen plis risk victim de fenomen SIDS la tankou: ti bebe ki te gen on lòt ti sè ou ti frè nan fanmi ki te mouri konsa déjà, ti bebe manman yo te kon-n pran gwo drò tankou eroyin, metadòn, kokayin lè yo te ansent bebe-a, oubyen tou ti bebe ti peze mwens ke 4 liv lè yo fèt, bebe ki pa respire nomal , genyen apnea kòm kwa rete anpil tan san pa respire, bebe yo mete kouche sou vant pou dòmi, tout sa yo sanse an risk mouri ak SIDS.

Le fèt ke bebe yo mete dòmi sou vant gen omwen twa fwa plis chans pou mouri ak SIDS, pase bebe yo mete dòmi sou do, doktè ak tout espesyalis blije rekòmande pou mete tout bebe dòmi sou do pito. Ou ka verifye sa nan entènèt: MedicineNet.com <http://www.medterms.com/script/main/art.asp?articlekey=5490>

### **Mo Sibit Sanzatan ti moun piti/SUID:**

yon ban kalite sityasyon ki ka okazone yo ti moun piti mouri san zatan san malad, tankou: aksidan, toufe, paka respire oubyen de koz yo paka wè touswit. Se sa Inivèsite Jòj Tawon mete nan entènèt la: Georgetown University: [http://www11.georgetown.edu/research/gucchd/nccc/documents/MI\\_BL.pdf](http://www11.georgetown.edu/research/gucchd/nccc/documents/MI_BL.pdf)

## **Men Kote ou ka jwen plis enfòmasyon toujou ak lis liv ou kapab li**

### **Nan Entènèt:**

#### **A pwopo Fos Couch / Avòtman**

**Ou santi piti wap pote a pap devlope nan matris ou ak lòt enfòmasyon sou sa.**

Chèche nan entènèt. [www.centering.org](http://www.centering.org) yon konpagni ki bay bon jan enfòmasyon sou sa.

**Si ou pèdi yon nan jimo oubyen tou le de ti jimo ou fè yo mouri :**

Konpagni Centering Corp. nan entènèt [www.centering.org](http://www.centering.org) gen anpil enfòmasyon pou paran kin an sityasyon sa-a

**Ti moun piti, Tou**

Pou paran ki pedi ti moun piti Konpagni Santering mete enfòmasyon nan entenet la pou sa tou:

[www.centering.org](http://www.centering.org)

**Si ou se Zanmi oubyen fanmi moun ki pèdi ti bebe-a**

Centering Corp [www.centering.org](http://www.centering.org) gen dokiman enfòmasyon nan entènèt pou zanmi ak fanmi paran ki andè yo.

**Sak ka pase apre ou te aksepte rete ansent**

Pou jwen sipò ak enfòmasyon apre ou fin-n fè fos couch, oubyen pèdi bebe a apre li fèk fin-n fèt ale nan entènèt [www..centering.org](http://www..centering.org)

**Aprè SIDS (Lnmò sibat kip koupe lavi ti bebe ou sanzatan brid soukou) Kijan pou fè nan periòd fèt, konje ak lòt okasyon espesyal.**

[www.sidscenter.org](http://www.sidscenter.org) nan entenet gan repons sou koman pou pase moman say o.

**Pou Bon Moman ak Move Moman**

Yon ti liv pou manman ak papa ki fèk pèdi ti bebe. Centering Corp. Gen gen liv sa-a Visite entènèt

[www.centering.org](http://www.centering.org)

#### **Fè Antèman**

**Yon O Revwa ki montre jan ou te renmen defen an.**

Biwo SIDS nan California mete nan entènèt [www.californiasids.com](http://www.californiasids.com) yon liv pou montre kòman pou òganize antèman pou ti bebe-ou

#### **Papa kon-n an dèy tou**

Pou papa ki nan lapen, an dèy lè yo fèk pèdi ti bebe nan fenomèn SIDS la, Centering Corp. gen enfòmasyon nan entènèt [www.centering.org](http://www.centering.org)

#### **Enfòmasyon pou lot manm fanmi ti bebe ti mouri nan zafe SIDS la.**

**Gran paran ki an dèy**

Biwo SIDS calofornia mete enfòmasyon pou gran paran nan entenet [www.californiasids.com](http://www.californiasids.com) cheche “ A Place to Remember” kote pou sonje.

## **Jen jan ak Demwazel (Tinedjè)**

“**Lè lanmò antre lakay la**”. **When Death Walks In**. Se enfòmasyon nan Centering Corp. [www.centering.org](http://www.centering.org) pou jen moun ki nan lapen-n apre lanmò ti bebe nan kay nan fanmi an.

## **Frè - Sè - Kousen - Kousin Ki nan lapen-n**

Kòman paran ka ede lòt ti moun ki gen frè sè oubyen kousen kousin, apre lanmò yon ti moun nan SIDS. Centering Corp. Medic Publishing – Telephone :( 425) 222-0844

## **Lè ou vinin ansent ankò**

**Ou Ansent yon lot pitit ankò? Se sa mwe wè...** 30 kesyon sou vinin ansent apre ou fin-n pedi yon bebe nan SIDS. Centering Corp [www.centering.org](http://www.centering.org) gen dokiman nan entenet la sou sa.

## **Ti moun piti.**

[www.dhhs.ne.gov](http://www.dhhs.ne.gov) gen dokiman sou ki jan pou kominike ffenomen sa-a ak ti bebe piti.

## **Pèdi**

Kòman ti moun piti ak jen jan (tinedjè) ka aksepte debwouye yo ak lanmò yon lòt ti bebe piti nan SIDS ale nan entènèt. Centering Corp. [www.centering.org](http://www.centering.org) pou jwen explikasyon.

## **Si ou pratike relijyon**

**Rekonfòte nou Bon Dye, Nou Pèdi Pitit nou.** Yon liv priyè Centering Corp [www.centeringcorp.com](http://www.centeringcorp.com) mete nan entènèt la pou tout moun ki bezwen

## **Poezi**

Centering Corp [www.centering.org](http://www.centering.org) gen liv ki rasanble bèl panse, poezi pou moman tristès moman dèy sa-a

## **Men Liv ou ka gade**

### **Sa pou konen le pou pitit bezwen domi**



Ki ja pou kote bebe-a pral domi an ye



**Lè pou mete bebe a dòmi an**



**Liv pou gran-n ak Gran papa**



## Gran Paran ki an dèy



Síndrome de Muerte Infantil Repentina:

*Para los abuelos...*  
*Un sufrimiento "doble"*

## Sa-a Se pou Gran-n yo



## Sakaje Bebe



# Incorrecto Correcto

## Cuatro maneras para ayudar a reducir el riesgo del Síndrome de Muerte Súbita del Lactante

	<b>Recusa amén para dormir.</b> Los bebés solitarios duermen con mayor seguridad si duermen boca arriba.
	<b>Evita el calor en una cuna que tenga un tejedor.</b> La seguridad de las cunas depende, por lo menos, de la seguridad de los productos de Consumo de Seguridad de Productos de Consumo. No ponga almohadas, colchón, sábanas, juguetes o nada en la cuna.
	<b>Si un bebé que está llorando llora fuertemente llórralo por un tiempo.</b> Si el bebé llora por un tiempo, llórralo fuertemente. Si el bebé llora fuertemente por un tiempo, llórralo fuertemente. Nunca que se que se llora llorando a llorar de la cuna.
	<b>El tiempo debe estar con el bebé.</b> El bebé debe estar con el bebé. El bebé debe estar con el bebé. El bebé debe estar con el bebé.

**Siempre con el bebé**  
**Wawa**  
Recusa amén para dormir:  
1-800-368-7233 [www.gdhs.org](http://www.gdhs.org)

Programa de Educación y Promoción de la Salud  
del Departamento de Salud y Servicios Humanos  
de Maryland  
1000 North E Street  
Baltimore, MD 21201  
Teléfono: 410-333-3333  
Fax: 410-333-3333

**Biwo Nan NouYòk sou Lanmò Sibit**

# A pwopo Sant la

## Sant pou lanmo sibat timoun piti nan Leta NouYòk.

An 2006 Sant Leta NouYok sou Lanmò Sibit Sanzatan Ti Bebe (SIDS) te fete 30 tan depi li sou pye. Sant la fete tou 30 tan depi lap fè edikasyon, sipòte ede fanmi ak espesyalis nan domèn sa-a.

Sant la fasilite koòdone jan de pwogram ki bon pou toupatou nan leta NouYòk la pou ankouraje, fasilite repons san pèditan, pou tout fanmi ki nan sityasyon lanmò sibat sanzatan ki tiye ti moun anba 2zan laj (SIDS). Sant la fè edikasyon public la ak pwofesyonèl espesyalis sou prekasyon pou pran pou redwi risk SIDS fenomèn sa-a. Konsèy sou ki bon fason pou mete bebe dòmi ak kisa fanmi ki fèk pèdi ti bebe nan SIDS la bezwen pou konsòle diminye lapen-n sa-a. Toupatou nan Leta NouYòk rekonèt jefò Sant SIDS NouYòk la fè epi sitou ap kontinye fè pou pou kembe ti bebe piti an sekirite e an santé.

## Sant la Ofri

- Sipò pou fanmi ki nan lapen chagren apre yo fèk pèdi yon ti bebe san malad sanzatan-n nan SIDS.
- Pwogram pou fè edikasyon espesyalis ak anpil lòt moun nan kominote—a
- Òganize aktivite kominotè oubyen ankò, patisipe nan aktivite kominotè ki rasanble anpil moun kote li fasil pou distribye enfòmasyon tankou: rasanbleman sou koze lasante, konferans, reyinyon, woumble pou simaye enfòmasyon sou SIDS la.
- Konsiltasyon, chita pale oubyen seans travay tèt ansan-m ak espesyalis nam kesyon matènite, nan santé ti bebe, klinik jinekòlòg ak plizyè lòt ajans ankò, toupatou nan Leta NouYòk la.
- Sant la ede epitou sipòte ekip pouf e revizyon danje ki gen enspekte visite kondisyon kote lanmò bridsoukou sanzatan-n nan rive-a, epi-apre ekri rekòmandasyon sou kijan de prekasyon paran ti bebe dwe pran pou evite jan de sityasyon konsa,

Pwogram SIDS pou tout Leta NouYòk la posib apati lajan ki soti nan Depatman laSante Leta NouYòk, e se Lekòl pou Byenèt Sosyal nan Univèsite Stony Brook ki mete li sou pye. Biwo Prensipal pwogram nan se nan Univèsite Stony Brook, li ye, men tout aktivite yo fèt nan Sant ki Albany, Buffalo, Livèpoul ak nan NouYòk Siti. Si ou ta bezwen plis enfòmasyon telefone nan 800. 336.7437 osinon telefone ofis ki nan zòn bò lakay ou.

**Antre an Kontak ak Nou**

Rele nou nan 212 447-2328, oubyen imail PEGGY REGENSBURG, Ph.D Manage Pwogram nan nan [Pregensburg@healthsolutions.org](mailto:Pregensburg@healthsolutions.org)